

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Saréngséna ngolah skor hasil tés kamampuh ngaprésiasi sajak siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Cooperative Script* leuwih alus jeung éfektif dina ngajarkeun aprésiasi sajak tibatan anu henteu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*, lantaran tina hasil uji hipotésis pratés jeung postés antara kelas kontrol jeung kelas ékspérимén katingali leuwih gedé kelas ékspérимén nya éta kelas anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*.
- 2) Modél pangajaran *Cooperative Script* bisa dipaké dina pangajaran aprésiasi sajak, kabukti tina hasil pratés jeung postésna yén aya peningkatan diajar saméméh jeung sabada dibéré pangajaran ngeunaan aprésiasi sajak.
- 3) Aya bédha anu signifikan antara hasil diajar kelas ékspérимén anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung kelas kontrol anu teu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*. Katingali tina hasil uji hipotésis nya éta tina  $t_{itung}$ na, anu di mana kelas ékspérимén leuwih gedé tibatan kelas kontrol.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, kagambar yén modél pangajaran *Cooperative Script* bisa digunakeun dina pangajaran aprésiasi sajak. Tapi modél ieu ogé aya sababaraha kahéngkérana. Ku kituna, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngaprésiasi sajak, di antarana ieu di handap.

- 1) Guru kudu bener-bener nyangking jeung paham kana métode jeung léngkah-léngkah gawéna modél *Cooperative Script* saméméh ngamimitian prosés diajar ngajar, sangkan sakabéh matéri bisa ditepikeun ka siswa.
- 2) Modél *Cooperative Script* salian aya kapunjulanna, aya ogé kahéngkéranna, ku lantaran kitu hal ieu kudu ditalungtik leuwih jembar sangkan kahéngkérana éta teu jadi wagelan dina prosés diajar ngajar.
- 3) Dina pangajaran aprésiasi sajak ulah ngan saukur maca wungkul, tapi ogé kudu ngalenyepan eusi anu aya dina wacana (sajak), sangkan ma'na anu hayang ditepikeun ku pangarang bisa kapanggih.
- 4) Dina praktékna pangajaran aprésiasi sajak nu mangrupa sastra, siswa kudu diwanohkeun kana téori sastra sanajan ngan saulas.
- 5) Siswa kudu mindeng maca karya sastra Sunda hususna sajak, sangkan leuwih wanoh kana kasusastraan Sunda.